



**Planifikasyon pou siksè: Ede tranzisyon sòti lekòl
segondè, pase nan kolèj, rive nan karyè**
KONSÈY ITIL POU PARAN/RESPONSAB ELÈV VIL NOUYÒK

Planifikasyon pou siksè: Ede tranzisyon sòti lekòl segondè, pase nan kolèj, rive nan karyè

KONSÈY ITIL POU PARAN/RESPONSAB ELÈV VIL NOUYÒK



Lèt Chanselye a

Chè Fanmi:

Preparasyon elèv nou yo pou kolèj ak karyè pi enpòtan kounye ke lontan. Anviwon 90 pousan djòb kap vin pi plis sou mache a nan peyi a egzije yon fòmasyon apre lekòl segondè. Avantaj reyisit nan edikasyon mennen dirèkteman nan ni bonjan karyè, ni pi gwo revni alavni pou elèv nou yo.

Pou rezon sa yo, se youn nan premye priyorite m kòm Chanselye pou asire ke tout elèv ki gradye nan lekòl leta Vil Nouyòk prepare pou kolèj ak pou mache travay 21yèm syèk la. Pou nou kapab prepare tout elèv nou yo pou vi a apre lekòl segondè, ladan elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang anglè, Depatman Edikasyon ap kolabore avèk lekòl, pwofesè, fanmi ak manm kominote a pou ranfòse travay elèv ak sa pwofesè ap pratike.


Nan ane ki sot pase yo, nou fè anpil pwogrès nan domèn sa a. Avan yo te eli Majistra Bloomberg, pousantaj gradyasyon nan Vil Nouyòk te rete nan menm nivo a pou plis pase dis ane. Kounye a pousantaj gradyasyon pou tout tan nan nivo 65 pousan, epi kantite elèv ki antre nan campus City University of New York sèlman pou premye fwa nan 1ye ane yo ogmante nan plis pase 9,000 – sòti 16,000 an 2002 rive 25,500 an 2009.

Men, kòm noutout konnen, gen pakèt travay ki gen pou fèt toujou. Li enpòtan pou paran ak kominote a patisipe toutbon nan efò k ap fèt pou prepare elèv nan chak etap nan edikasyon yo pou vi a apre gradyasyon – soti prematènèl rive nan lekòl segondè.

Se paran nan Nouyòk ki te pase nan sitiyoasyon ou ye kounye a ki ekri liv sa a espesyalman pou ou. Li genyen konsèy pratik pou konnen chwa ak sipò pitit ou bezwen chak ane. Se yon zouti siperyè pou paran ak fanmi aprann kòman pou enplike yo atravè tout trajè elèv nou yo pou yo rive prepare pou kolèj ak karyè. Mwen ankouraje w pou itilize sijesyon ak estrateji ki nan tiliv sa a nan tout sans, epi pataje resous sa a avèk lòt moun ki nan kominote w la. Mwen rekòmande tou pou w pale avèk konseye pedagogik ak pwofesè pitit ou sou kòman nou kapab travay ansanm pou asire reyisit pitit ou alavni.

Mwen swete travay avèk ou pou leve defi sa a epi mwen swete pitit ou siksè nan sa y ap antreprann.

Avèk senserite,



Dennis M. Walcott
Chanselye



Sa gen uit ane, lè mwen te direktris egzekitif anchèf pou enskripsyon elèv nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk, yon gwoup paran, manm UFT, ak lidè lekòl vini pou rankontre avèk yon gwoup nan noumenm pou pale sou popilasyon elèv ki twòp nan kèk lekòl segondè nan Brooklyn. Tout moun te devote pou angaje yo pou lekòl yo ak elèv ki nan lekòl yo; se te yon gwoup ki te fè bèl enpresyon avèk reprezantasyon diferan gwoup demografik ki gen nan lekòl segondè nou yo. Pandan nou t ap travay ansanm sou pwoblèm kantite elèv nan lekòl yo, paran yo (youn ladan yo se te yon konseye pedagogik nan youn nan lekòl segondè nou yo) kontinye reyini epi nou kòmanse atake lòt pwoblèm gwoup la idantifye ki enpòtan pou paran lekòl segondè. Pi gwo premye kolaborasyon nou pote kòm rezilta yon tiliv pou paran ki rele An nou konprann lekòl segondè —

konsèy itil pou paran *“Getting to Know High School—Helpful Hints for Parents.”* Travay nou kontinye pandan lòt ane yo epi nou kolabore avèk gwoup la pou ede montre biwo a jan paran yo yomenm wè pwoblèm ki antoure admisyon nan lekòl segondè. Finalman, nan kòmansman 2010, yon ti gwoup paran ki tounen komite konsèy nou, ba Biwo a ide pou lanse yon pwogram Anbasadè Admisyon Lekòl Segondè. Pwogram sa a te fonksyone chak wikenn pou plis pase twa mwa pou anseye pwosesis admisyon lekòl segondè a pou yon gwoup 53 paran—depi nan kòmansman rive nan fen. Paran sa yo te ale ede nan atelye travay pou admisyon lekòl segondè ak fwa lekòl segondè, gen kèk ki te menm kòmanse konseye paran sou pwosesis la nan pwòp distri yo.

Pandan travay pwogram anbasadè a t ap mache, menm ti gwoup paran an an ansanm avèk mwen pale sou ekri yon tiliv ki gen enfòmasyon pou kolèj. Kèk manm Biwo Enskripsyon Elèv te kòmanse travay avèk paran yo nan faz pou ranmase enfòmasyon.

Rive tan pou m te pran retrèt mwen an novanm 2010, paran yo avèk mwen te mete plis tan ak enèji nan chèche ide pou tiliv la, men piske nou te gen pou pale osijè kolèj, epi mwenmenm mwen t ap pran retrèt, nou te panse se te yon pwojè nou t ap mete la. Men ni paran yo, ni mwenmenm te vle kontinye.

Nou te kòmanse reyini chak semèn pou nou fè ide yo tounen reyalizasyon. Nou te konsantre sou preparasyon pou kolèj ak tranzisyon paran gen pou panse sou yo lè pitit yo ap avanse soti nan lekòl presegondè rive nan gradyasyon lekòl segondèn. Nou te gen sipò Office of Postsecondary Readiness.

Se te yon eksperyans pwofitab eksepsyonèl. Chak paran te gen yon pati diferan "istwa" a epi mwen te fonksyone nan nivo mentor ak editè, pou ede yo konpile liv la ansanm, pouse yo pou yo reflechi pi plis ak kreye yon pwodui ki fè tout moun fyè.

Kolaborasyon paran enpòtan anpil pou tout travay n ap fè nan edikasyon. Nou rekonesan dèske Chanselye Walcott pèmèt travay sa a kontinye. Remèsiman espesyal pou Office of Post-Secondary Readiness pou sipò li; biwo a jwe yon wòl enpòtan pou travay sa te jwenn apwobasyon Depatman Edikasyon ak pou yo te pibliye travay enpòtan sa a finalman.

Pou mwenmen, se te yon eksperyans fòmidadab pou travay avèk gwoup paran sa a. De dènye ane yo an patikilye te enteresan espesyalman paske travay la nan limenm pa t gen anyen pou wè avèk djòb mwen te ye avan an epi sa ede m aprann ak grandi avèk paran yo, pandan nou t ap kolekte enfòmasyon, kolabore lè n ap mete eksperyans nou ansanm, epi pwodui yon dokiman pou paran ke paran ekri.

Remèsiman sensè pou Beverly, Claudette, Maura, Mei, Monique, Morty, Nancy, ak Rose, tout moun ki travay di pou devlope ak konpile tiliv sa a ansanm. Nou te jwenn ti èd nan men Annie, Ramona, ak Trevor. Byenantandi, pi fò enspirasyon nou sòti nan divès santèn paran nou konnen ak atravè kominikasyon nou te gen avèk paran sa yo pandan plizyè ane.

Se te yon travay lanmou.

Elizabeth A. Sciabarra

Prensipal Paran ki bay kontribisyon yo



Claudette Agard

Mwen te vini yon paran lidè pa sèlman pou m ede pitit mwen reysisi, men tou pou ede tout elèv nan lekòl yo ye yo. Mwen te wè ke pi bon fason pou m akonpli objektif sa a se te pou rasanble paran ki gen enfòmasyon, konesans ak konpreyansyon yo bezwen pou jwe yon wòl aktif nan sipòte pitit yo. Kòm eksperyans mwen genyen pandan plizyè ane, mwen te prezidan Asosyasyon Paran nan nivo lekòl presegondè ak segondè, prezidan Konsèy prezidan lekòl segondè Borough Manhattan, epi nan nivo vil la, mwen te co-prezidan Komite Konsèy paran Chanselye a. Mwen te yon paran manm tou pou Komite konsèy Depatman Edikasyon eta Nouyòk ki te banm opòtinite pou m te nan omwen senk ekip lekòl ki sou lis pou evalyasyon Schools Under Registration Review (SURR). Pou kounye a, mwen se prezidan Konsèy Edikasyon Kominote a pou distri 17 nan Brooklyn.



S. Mei Chan

Mwen se yon imigran ki te resevwa edikasyon nan lekòl leta vil Nouyòk. Dapre eksperyans mwen fè avèk pitit mwen yo, mwen kwè pou nou kapab jwenn pi bon rezilta pou pitit nou, nou bezwen pou nou kolabore yon fason aktif avèk lekòl yo. Wòl mwen kòm koòdonatè paran nan Brooklyn Technical High School fè m konprann pi byen defi pou leve timoun pou yo tounen jèn adilt ki gen siksè. Rezon ki te fè m antre nan gwoup paran sa a se te pou mete eksperyans nou ansanm kòm paran lekòl leta, pou pataje sa nou aprann kòm paran, epi bay paran ki nan menm sikonstans la kapasite pou yo aji. Se te yon privilèj pou mwen travay avèk lòt paran nan gwoup sa a ansanm avèk mentor nou, Liz Sciabarra.



Rose Dasch

Mwen te reyalize byen bonè nan karyè mwen enpòtans pou patisipe nan edikasyon pitit mwen pou m kapab gide yo nan bon direksyon an. Mwen te trezorye epi prezidan Asosyasyon paran nan lekòl primè, lekòl presegondè ak lekòl segondè pitit mwen. Yo te eli mwen Prezidan konsèy kòm reprezantan paran pou ekip lidèchip distri 22 ak pou Komite konsèy paran Chanselye a. Kounye a, mwen se koòdonatè paran nan Edward R. Murrow High School, yon pozisyon mwen genyen depi 9 ane. Paran bezwen èd pou yo jwenn enfòmasyon enpòtan pou yo ka pran desizyon ki byen reflechi pou yo sipòte pitit yo sou wout edikasyon yo. Tiliv sa a pataje pi bon konsèy nou ka bay lòt paran osijè preparasyon pou kolèj ak sa pou atann nan ni lekòl presegondè, ni lekòl segondè.



Monique Lindsay

Mwen gen de pitit gason san papa yo pa avèk mwen, youn ladan yo nan yon lekòl segondè nan Brooklyn. Mwen konnen jan li enpòtan pou resevwa yon bon edikasyon, epi m ap travay di pou m fè pitit mwen an konprann kòman lè l byen fè yon bagay kounye, sa ap mete l sou chemen pou li prepare pou kolèj ak karyè lè li fini lekòl segondè li. Mwen se yon paran lidè depi 2008, epi mwen patisipe nan tout nivo patisipasyon paran. Mwen te nan Asosyasyon Paran/Pwofesè, Ekip Lidèchip Lekòl, Komite Konsèy Paran Tit I, Konsèy Prezidan Borough ak Distri, Ekip Lidèchip Distri, ak Komite konsèy paran Chanselye a. Mwen se yon Learning Leader pou lekòl presegondè ak lekòl segondè, yon Anbasadè pou admisyon lekòl segondè, ak yon manm aktif Komite pou edikasyon nan legliz mwen an. Mwen se yon manm komite United Federation of Teachers Parent Outreach Committee, ak Komite konsèy pou lekòl segondè. Tiliv sa a ranpli avèk enfòmasyon ki nesesè pou gide timoun nou yo nan pi bon direksyon pou yo fè yon eksperyans lekòl ki pote siksè.



Beverly Marshack

M ap patisipe nan edikasyon pitit mwen depi 1989 lè premye pitit mwen an kòmanse prematènèl. Nan kòmansman, mwen te konn ap koupe ak kole papye ansanm dèyè nan salklas la oswa ale nan jounen lekòl la. Nan premye opòtinite pou travay nan yon pozisyon pou tout vil la, mwen te reprezante distri m lan nan reyinyon Tit I. Apresa, Mwen te eli nan Konsèy Lekòl Segondè Vil la, kote mwen rete plizyè ane. An 2004, mwen te vini yon manm aktif soukomite lekòl segondè pou UFT Parent Outreach Committee, ki reyini ansanm estaf DOE, paran, pwofesè, ak konseye pedagogik nan gwoup refleksyon. An 2005, avèk biwo enskripsyon elèv DOE, li reyalize “Getting to Know High School – Helpful Hints for Parents.” An 2010, Biwo enskripsyon elèv fòme yon kad “Anbasadè Paran” pou pwosesis admisyon an. Mwen konsidere tiliv sa a tankou se paran k ap pataje divès aspè edikasyon pitit yo youn ak lòt.



Morty Marshack

Mwen fyè ke mwen te diplome nan lekòl leta nan Bronx ak nan Brooklyn, epi mwen kwè nan edikasyon leta avèk pasyon. Apre twa ane kote m ap anseye lekòl primè nan South Bronx, mwen te kòmanse yon nouvo karyè kòm avoka. Mwen rekonesan ke pitit gason m yo te kapab resevwa yon bon edikasyon nan lekòl leta vil Nouyòk. Pou m te kapab toujou suiv pwogrè yo, mwen te konn ale nan tout konferans paran/pwofesè, ni nan otòn ni nan prentan, ak tout sesyon oryantasyon ak open house. Kòm rezilta, mwen te pare pou pale avèk mesye m yo osijè travay lekòl yo epi bay yo konsèy lè gen pwoblèm. Mwen te yon patisipan pasyone nan pwosesis admisyon an, nan vizite lekòl ak fwa lekòl ak nan ede timoun mwen yo òganize pwosesis aplikasyon nan kolèj la. Tiliv sa a kouvri pifò sa m te fè pou garanti ke timoun mwen yo te gen siksè sou wout yo pou kolèj ak karyè.



Maura McGovern

Menm avan de timoun mwen yo te ale nan lekòl primè ak lekòl segondè leta, mwen te aktif avèk paran nan sistèm lan. Mwen te wè yo toujou enkyete lè yo bezwen enfòmasyon pou ede pitit yo reyisi. Kòm yon pwofesè ak yon konseye pedagogik, mwen te kapab ede, kèk fwa reponn kesyon paran timoun poze nan diferan lekòl. Se yon bagay ki etonan pou kantite enfòmasyon ki kapab disponib (oswa non) nan lekòl endividyèl. Divèsite nan orijin fanmi elèv nou yo rann li difisil pou satisfè bezwen yo. Anpil pa abitye avèk sistèm Nouyòk la. Yo soti andeyò Vil la, nan yon lòt eta, oswa nan yon lòt peyi. Gen kèk ki se ekspè nan teknoloji epi gen kèk ki pa ka kominike an anglè. Yo tout bezwen enfòmasyon presi pou bay pitit yo sipò yo bezwen pou reyisi. Mwen kontan mwen kontribye nan efò pou asire paran jwenn aksè nan enfòmasyon enpòtan yo bezwen osijè pitit yo lè mwen bay tan mwen avèk efò mwen, ede òganize, eksplike ak pibliye gid pou tout paran ak responsab elèv.



Nancy Sher

Mwen se manman selibatè yon pè marasa ki nan 10yèm ane nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk. Mwen te twouve pwosesis aplikasyon lekòl segondè a entimidant menm jan li enèvan. Konpilasyon tiliv sa te fèt gras avèk paran tankou mwenmenm ki vle bay timoun yo yon bonjan edikasyon epi ki vle pou pitit yo ale nan kolèj oswa inivèsite ki pouse yo travay di ak prepare yo pou mache travay la alavni. Se yon manyèl ki gen bezwen ak konesans ki nesèsè pou tout paran kapab ede edikasyon pitit yo ak rèv yo pou karyè. Mwen swete eksperyans an komen nou an ki nan tiliv sa a ap pote avantaj pou ou, pou efò w nan non pitit ou.

*Premye moun ki bay kontibisyon yo: Paran **Trevor Bowes, Ramona Floyd, Annie Leung***

Entwodiksyon

Nou se paran ki ekri tiliv sa a pou OU—lòt paran, gadyen, ak moun k ap pran swen timoun pou ede pitit ou, menm jan nou te aprann fè a, nan wout edikasyon yo depi klas 6yèm ane rive klas 12yèm ane. Li fèt pou ba w konsèy ak enfòmasyon sou kòman ou ka ede pitit ou prepare pou chak etap nan karyè lekòl yo. Nou eseye itilize eksperyans nou pou montre kòman ou ka ede pitit ou fè pwogrè soti yon etap rive nan yon lòt, soti lekòl presegondè rive nan lekòl segondè ak kolèj ak opòtinite karyè. Nou aprann ke tout elèv bezwen konprann kòman pou yo prepare pou defi kolèj ak mache travay la. Nou aprann tou ke preparasyon sa a sipoze kòmanse avan lekòl segondè; pi bonè se granmmaten. Nou deside pou konsantre sou ane lekòl presegondè yo rive lekòl segondè. Pandan ane sa yo, travay avèk preadolesan ak adolesan se yon eksperyans aprantisaj san rete pou nou tout.

Nou aprann ke prepare elèv atravè lekòl presegondè ak lekòl segondè ede yo pran bonjan desizyon osijè kolèj ak karyè. Avèk bon preparasyon akademik, ak bon planifikasyon, nou kapab asire ke timoun nou yo gen pi gwo kantite opsyon apre lekòl segondè, ladan kolèj dezan oswa katran (ki ofri sètifika, lisans, ak diplòm asosye oswa bakaloreya), pwogram teknik oswa pwofesyonèl, apranti oswa training pandan y ap travay. Pandan timoun nou yo ap pwogrese soti nan lekòl presegondè rive nan lekòl segondè, nou konnen ni kou yo pran yo, ni fason yo abòde travay lekòl la enfluyans yo anpil.

Preparasyon Kolèj ak Karyè:

Kisa ki enpòtan pou tout elèv ak poukisa li enpòtan

Preparasyon pou kolèj pa vle di sèlman yon diplòm lekòl segondè. Nou itilize tèm "prepare pou kolèj" pou di ke yon elèv gen konesans, aptitud ak konpòtman pou fini kou kolèj li avèk siksè. Nou idantifye kèk konesans debaz ak konpòtman nan tiliv sa a.

Gen yon chemen akademik pitit ou a dwe suiv kòmanse nan lekòl presegondè pou asire ke li kapab antre nan kolèj san li pa gen pou pran kou ratrapaj. Kou ratrapaj se kou konesans debaz pou elèv ki pa byen prepare pou kou nivo kolèj. Kou ratrapaj obligatwa pou elèv ki pa fè ase nòt nan egzamen admisyon kolèj. Kou sa yo pa bay okenn kredi men yo koute w lajan. Epi, preparasyon kolèj mande plis pase fini travay kou a. Anplis, pitit ou a devlope abitid travay solid, aptitud pou etidye, ak aptitud entèpèsònèl ak sosyal, ke nou rele konpòtman akademik. Konpòtman sa yo ap ede l pèfòme nan nivo wo ki obligatwa pou kreye bon opsyon apre lekòl segondè.

Jounen jodi, opsyon karyè diferan anpil. Se teknoloji ak inovasyon k ap mennen mond nou an. Djòb, okipasyon, ak karyè mande, menm nan nivo ki pi piti a, trening espesyalizasyon espesifik apre lekòl segondè, pandan ke djòb ki pi byen peye yo egzije diplòm kolèj oswa plis pase kolèj. Pou di l yon lòt fason, yon elèv ki gen sèlman yon edikasyon lekòl segondè ap genyen mwens opòtinite. Plis edikasyon bay rezilta sa yo:

- Plis ak pi bon chwa djòb ak opòtinite
- Chans pou fè plis kòb
- Plis chans pou gen estabilite nan djòb ak nan anplwa
- Plis avantaj, tankou asirans sante
- Plis opsyon pou se ou yo bay yon djòb.

Pi gwo nivo edikasyon ogmante opòtinite pou antre kòb

Pi fò djòb ki plis sou mache a nan 21yèm syèk la mande edikasyon apre lekòl segondè

Antre lajan dapre nivo edikasyon:	
Pa fini Lekòl Segondè	\$23,088
Diplòm Lekòl Segondè	\$32,552
Diplòm Kolèj 2 Ane	\$39,884
Diplòm Kolèj 4 Ane	\$53,976
Diplòm Pwofesyonèl	\$83,720

Sous : U.S. Department of Labor, U.S. Bureau of Labor Statistics, 2011.

Patisipasyon Paran/Gadyen

Kòm paran, nou gen yon enfluyans enpòtan nan wout edikasyon pitit nou. Nou gen pouwa pou fòme atitid ak kwayans timoun nou osijè valè ak enpòtans edikasyon. Pandan timoun nou ap grandi ak aprann, yo kapab ak yo ta sipoze kapab jwe yon pi gwo wòl nan pwòp edikasyon yo.

Konpòtman akademik ak pèsònèl

Li enpòtan pou nou vin abitye ak aksyon avèk konpòtman timoun dwe aprann pou yo kapab reyisi nan lekòl. Nou rele sa yo “Konpòtman akademik ak pèsònèl.”

KONPÒTMAN/APTITID ESANSYÈL ELÈV (ki gen lyen avèk siksè akademik ak karyè)	EGZANP KONPÒTMAN ELÈV (Eske pitit ou a suiv abitud elèv "ki gen siksè" demontre?)	ESTRATEJI PARAN (apa mande ajans ak paran timoun ki nan menm klas la oswa youn/de ane anplis èd ak konsèy)
Prezans regilye	Eksepte lè timoun lan malad toutbon, eske l al lekòl san batay? Li pa janm di "pa gen lekòl" lè gen lekòl.	Pran yon kalandriye lekòl sou sitwèb DOE a, nan men yon koòdonatè paran oswa nan biwo konseye pedagojik la. Tcheke dat ak jou fèt, egzamen, demijounen, ak konferans pwofesè-paran.
Rive alè	Èske li prepare alè pou TOUT bagay? Èske li kite lakay li 15 minit anplis nan ka ta gen anbouteyaj?	Aranje yon kote bò kote pòt la pou mete bagay lekòl ak yon jakèt pou aksè fasil. Nan aswè, asire ke li gen rad, sak lekòk ak devwa prepare pou demen.
Koperasyon/Kolaborasyon	Èske li travay avèk lòt sou devwa ak pwojè? Èske li fè pati travay pa l la lè l ap travay an gwoup?	Ba l travay li ka fè nan kay la avèk yon lòt moun dapre laj li. Ede òganize yon "kanè telefòn" kamarad klas li. Akeyi zanmi pitit ou lakay ou pou pataje travay sou pwojè.
Kominikasyon Efektif	Èske li reponn oswa poze kesyon pou plis enfòmasyon? Èske li pale klèman ak itilize mo ki fasil pou konprann?	Gade moun nan je lè w ap pale avèk yo, menm ak pitit ou a. Eseye klè plis ou kapab lè w ap di pou fè yon bagay. Ankouraje lekti pou bati vokabilè.

(rès paj avan an)

KONPÒTMAN/APTITID ESANSYÈL ELÈV (ki gen lyen avèk sikse akademik ak karyè)	EGZANP KONPÒTMAN ELÈV (Eske pitit ou a suiv abitud elèv "ki gen sikse" demontre?)	ESTRATEJI PARAN (apa mande ajans ak paran timoun ki nan menm klas la oswa youn/de ane anplis èd ak konsèy)
Respè pou tèt li ak pou lòt	Èske li tande lè moun ap pale san l pa dekoupe? Èske li suiv règ lakay li, lè l ap jwe ak nan lekòl la?	Montre pitit ou OU ret tande moun lè y ap pale; pa prese pou di sa w vle. Pale avèk pitit ou a sou yon pwoblèm; prezante toude kote ka a.
Espri serye: Respekte angajman ak responsablite	Èske li travay san w pa bezwen raple l yon pakèt fwa? Èske li fini travay li jan li te pwomèt la? Èske li ba w nòt lekòl la voye san w pa mande l?	Ekri avèk pitit ou yon lis etap pou reyalize yon pwojè oswa yon djòb an patikilye. Fè l tcheke chak etap dèke li fini l. Fè yon plas pou tout nòt lekòl pou pitit ou a ka konnen ki bò pou l mete yo. (Sonje pou retire sa aw pa bezwen ankò nan plas sa a chak jou.)
Abilite pou etidye: abilite pou travay pou amelyore konpreyansyon sijè akademik, konsantrasyon nan travay yo ba w, ak pèfòme byen nan travay oral ak alekri	Èske li revize nòt li pran nan klas la chak jou? Èske li itilize liv (oswa lòt materyèl pwofesè a ba li) chak jou? Èske li fè travay li san yon selilè, TV, oswa konpitè (eksepte lè l bezwen yo pou li fini yon devwa)?	Rezève yon plas pou pitit ou fè devwa l chak swa. Tcheke kaye l pou wè si l ann òd. Sijè yo sipoze nan seksyon separe epi travay yo sipoze òganize dapre dat. Fè pitit ou eksplike w leson pou jou a. Ede pitit ou monte yon kalandriye planner pou devwa lekòl la. Asire ke pitit ou etidye tout sijè akademik yo epi pou l pa neglije devwamezon pou okenn klas. Ankouraje l eseye devwa ki pi difisil yo an premye, pa an dènye.

(rès paj avan an)

KONPÒTMAN/APTITID ESANSYÈL ELÈV (ki gen lyen avèk sikse akademik ak karyè)	EGZANP KONPÒTMAN ELÈV (Eske pitit ou a suiv abitud elèv "ki gen sikse" demontre?)	ESTRATEJI PARAN (apa mande ajans ak paran timoun ki nan menm klas la oswa youn/de ane anplis èd ak konsèy)
Etik Travay: Volonte pou fini travay okonplè ak alè, menm lè travay la difisil oswa san motivasyon	Èske li kòmanse travay li san w pa bezwen raple l? Èske li fin fè travay li chak jou? Èske li fè pwogrè nan pwojè alontèm byen avan dat la rive pou l fini l?	Ankouraje pitit ou pou kòmanse pwojè menm lè yo ba li l la. Ranfòse bezwen pou l bay tout sa l kapab chak tan. Resève tan chak jou pou l etidye lakay li.
Motivasyon: chèche enrichment edikasyon anplis	Èske li patisipe nan lòt aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la? Èske li vizite enstitisyon kiltirèl atravè vil la?	Ede pitit ou jwenn enterè lè w antre nan club nan lekòl la oswa nan kominote a. Planifye vizit nan bibliyotèk, nan sit istorik, etc. an fanmi.
Refleksyon sou tèt li: abilite pou rekonèt domèn fòs ak feblès ansanm avèk kisa ki travay pi byen nan anviwònman varye; preparasyon pou eseye amelyore konesans	Si pitit ou deja gen objektif pou karyè, èske yo koresponn avèk sa li pi konpetan? (Pa egzanp, yon elèv ki enterese nan karyè medikal, dwe bon nan syans ak matematik.) Èske li eseye devwa ki pi difidil yo avan, epi eseye sijè ki "pi fasil" yo apre? Pitit ou sipoze chanje lòd la jiskaske li jwenn pi bon metòd ki pran mwens tan ki pi konfòtab pou li a.	Ede pitit ou eseye diferan mwayen pou òganize yon tan ak espas pou l etidye. Rekonèt lè li bezwen èd. Mande èd. Aksepte demann kòm yon bagay ki fè pati pwosesis aprantisaj. Kite l pran pòz, snack, ak menm tande mizik si sa ede l konsantre.

(rès paj avan an)

KONPÒTMAN/APTITID ESANSYÈL ELÈV (ki gen lyen avèk sikse akademik ak karyè)	EGZANP KONPÒTMAN ELÈV (Eske pitit ou a suiv abitud elèv "ki gen sikse" demontre?)	ESTRATEJI PARAN (apa mande ajans ak paran timoun ki nan menm klas la oswa youn/de ane anplis èd ak konsèy)
<p>Redaksyon: Òganize panse, itilize anpil vokabilè, fè koreksyon, epi reekri pou ajoute koreksyon; itilize gramè, òtograf ak itilizasyon kòrèk pou prezante ide klèman</p>	<p>Èske li ekri yon plan pou devwa ki long, epi revize, ekri yon bwouyon, epi revize ankò? Yo dwe verifye pwojè final la pou erè òtograf ak gramè avan yo ekri l oswa tape l pou pwofesè a.</p>	<p>Fè pitit ou a li chak jou. Sa amelyore vokabilè.</p> <p>Gade premye bwouyon devwa a avèk pitit ou; fè li sigjere fason li ka amelyore l. Montre yon moun ki konnen sijè a bwouyon an.</p> <p>Asire ke pitit ou pa kopye devwa l sou yon zanmi ni nan yon sitwèb.</p>
<p>Analiz: Abilite pou fouye done ak lòt enfòmasyon, pou konpare deklarasyon, eksplike graf ak enfòmasyon, epi fè rezime.</p>	<p>Èske li konnen diferans ant fè, ide ak opinyon?</p> <p>Si yo ba li de oswa plis pyès enfòmasyon, èske li ka idantifye chak "fè" separeman epi di kijan chak sanble oswa diferan youn ak lòt?</p>	<p>Idantifye tablo, dyagram, graf nan journal ak magazin.</p> <p>Mande pitit ou a pou eksplike yon graf oswa yon tablo.</p>
<p>Entèpretasyon: itilize lojik/rezònman nan repons ki baze sou fè; konnen sa ki sanble ak sa ki diferan</p>	<p>Èske li ka idantifye rezilta yon aksyon espesifik? (Si nèj tonbe, fòk yon moun pele nèj la!)</p>	<p>Poze pitit ou a kesyon ki mande repons reyèl oswa detaye, pa sèlman wi oswa non.</p> <p>Lè w ap gade devwa pitit ou, mande l si wi oswa non li ka ajoute yon bagay pou fè repons lan pi konplè.</p>

(rès paj avan an)

KONPÒTMAN/APTITID ESANSYÈL ELÈV (ki gen lyen avèk sikse akademik ak karyè)	EGZANP KONPÒTMAN ELÈV (Eske pitit ou a suiv abitud elèv "ki gen sikse" demontre?)	ESTRATEJI PARAN (apa mande ajans ak paran timoun ki nan menm klas la oswa youn/de ane anplis èd ak konsèy)
Presizyon ak ekzaktitud: bay repons espesifik ki baze sou fè apre revize enfòmasyon an anpil fwa	Èske li ka bay yon ti lis bagay oswa fè espesifik pou reponn yon kesyon? Èske li ajoute plis bagay nan lis la apre li fin li oswa fin fè rechèch?	Poze pitit ou a kesyon ki mande repons reyèl oswa detaye, pa sèlman wi oswa non. Lè w ap gade devwa pitit ou, mande l si wi oswa non li ka ajoute yon bagay pou fè repons lan pi konplè.
Rezoud pwoblèm: Itilize diferan strateji pou rezoud pwoblèm epi chwazi sa ki pi apwopriye a; fè tèt ou travay ak kreyativite epi adapte strateji oswa kreye nouvo	Lè yo ba pitit ou a fè yon travay, èske li eseye diferan mwayen pou jwenn enfòmasyon tankou atravè liv, ansiklopedi, nan rechèch konpitè, jounal, magazin nouvel, oswa lòt piblikasyon? Li sipoze chwazi sa ki gen pi bon enfòmasyon yo pou fini travay la.	Pataje avèk pitit ou a kijan ou deside ki travay pou fini avan chak jou (bay prijorite). Idantifye lòt fason pou reyalize djòb. Eksplike kòman ou deside "mwayen ki pi bon" an.

Lè paran travay an kolaborasyon avèk lekòl, sa ranfòse konpòtman akademik. Noumenm kòm paran, nou dwe fè lekòl la konnen lè nou gen yon preyokipasyon, mande lekòl la pou ede nou konprann kisa pitit nou bezwen pou reyisi, epi jwenn mwayen pou travay ansanm pou ede pitit nou resevwa pi bon edikasyon posib la. Nou reyalize ke presans nan konferans paran-pwofesè yo enpòtan anpil, depi prematènèl rive klas 12yèm ane. Sa voye yon mesaj enpòtan pou timoun nou yo ki montre nou sousye pou yo, ak yon mesaj enpòtan pou lekòl la ke nou vle sa ki pi bon an pou timoun nou yo.

Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl

Eta Nouyòk fèk adopte yon nouvo ansanm nòm aprantisaj ke yo rele Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl *Common Core Learning Standards*. Y ap mete nòm sa a yo anplas piti piti pou yo vin anplas nèt an 2015.

Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl yo etabli klèman kisa elèv sipoze konnen epi kapab fè nan chak nivo klas pou garanti yo prepare pou kolèj ak karyè lè yo gradye nan lekòl segondè. Pou Vil Nouyòk, sa vle di ke lekòl ap mete nouvo nòm sa yo nan leson salklas yo pandan twa pwochèn ane yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl yo, ale nan schools.nyc.gov/Academics/CommonCoreLibrary.

Nòm Aprantisaj Baz Inivèsèl yo ap gen avèk yo Egzamen Evalyasyon Eta Nouyòk *New York State* (“NYS”) yo revize. Nouvo egzamen sa yo ap ede nou—ak pwofesè ak elèv—konprann, nan chak nivo klas, si timoun nou yo ap prepare pou kolèj ak karyè.

Egzamen

Li enpòtan pou nou pou ede timoun nou devlope atitid pozitif osijè pran egzamen ak pou diminye anksyete yo osijè pran egzamen. Timoun nou yo bezwen yon bon plas pou yo etidye. Nou ka fè timoun yo sonje ke lè yo fè devwa yo, etidye ak patisipe nan klas la chak jou, y ap prepare pou egzamen yo. Timoun nou yo kapab jwenn plis èd ak enfòmasyon lè yo ale nan:

www.homeinstructionschools.com/shack/3-8examreview.html

www.homeinstructionschools.com/regents.htm

www.regentsreviewlive.net

www.regentsprep.org

Pandan timoun nou yo ap fè pwogrè soti nan lekòl presegondè rive lekòl segondè nan wout pou kolèj ak objektif karyè yo, egzamen eta Nouyòk ak egzamen Regents ap mezire sa yo aprann nan diferan sijè yo. Atravè eksperyans yo nan lekòl presegondè ak lekòl segondè, yo evalye elèv yo tou chak peryòd. Lekòl itilize evalyasyon yo pou wè kote elèv gen fòs, kote yo gen feblès nan konesans akademik yo nan domèn matyèdebaz yo. Yo itilize egzamen sa yo pou ede elèv, pwofesè ak paran tankou oumenm vin wè mwayen pou ede bay pitit ou sipò nan preparasyon l pou kolèj ak karyè.

Nou bezwen ede timoun nou yo devlope bon abitud aprantisaj, ki pral ede yo prepare pou egzamen ak pou pran egzamen.

Nou bezwen ede timoun nou yo devlope bon abitud aprantisaj, ki pral ede yo prepare pou egzamen ak pou pran egzamen. Nou sipoze ankouraje yo tou pou pran kou ki gen nòm wo ak pou travay di pou fè byen nan tout egzamen yo pran pandan ni ane lekòl presegondè yo ni ane lekòl segondè yo.

Remak espesyal: Li enpòtan pou sonje ke si pitit ou a gen yon Plan Edikasyon Endividyèl Education Plan (IEP) avèk seksyon akomodasyon 504, yo ka bay pitit ou a tan anplis oswa lòt akomodasyon espesyal nan egzamen yo, ladan, egzamen admisyon kolèj. Epitou, si pitit ou a limite nan lang anglè *Limited English Proficiency* (LEP) oswa si li se yon elèv k ap aprann lang anglè *English Language Learner* (ELL), alò li kapab pran egzamen

an nan lang natifnatal li oswa resevwa tan anplis oswa akomodasyon espesyal.

EGZAMEN ETA NOUYÒK POU ELÈV LEKÒL PRESEGONDÈ AK ELÈV SEGONDÈ

Lekòl presegondè

Nan lekòl presegondè, elèv pran egzamen entèmedyè NYS sa yo:

- 6yèm ane – Egzamen Konpozisyon Anglè *English Language Arts* (ELA); Egzamen Matematik
- 7yèm ane – Egzamen ELA; Egzamen Matematik
- 8yèm ane – Egzamen ELA; Egzamen Matematik; ak Egzamen Syans*

*Gen kèk lekòl presegondè ki ofri kou akselere nan 8yèm ane; nan fen ane lekòl la, elèv ki nan kou sa yo pran yon egzamen Regents. Kou sa yo gen nivo lekòl segondè. Si yon elèv pase ni kou a ni egzamen Regents lan, li kapab resevwa kredi kou lekòl segondè. Ou sipoze verifeye pou wè si gen kou akselere nan dosye pitit ou pou lekòl segondè a kapab mete pitit ou a nan kou apwopriye yo.

Lekòl segondè

Nan lekòl segondè, elèv pran egzamen Regents NYS sa yo ak LOTE (*Languages Other Than English*) egzamen lòt lang ki pa anglè NYC sa yo:

- Egzamen ELA Regents
- Matematik Regents Aljèb entegre I, Jewometri, Aljèb II/Trigonometri
- Syans Regents: Byoloji, Jewoloji, Chimi, Fizik
- Istwa Regents: Istwa & Jewografi Jeneral, Istwa ak Gouvènman Etazini
- Egzamen LOTE: Egzamen global ki sanble avèk Regents nan anpil lang etranje

Elèv dwe pase omwen senk egzamen Regents espesifik avèk yon nòt minimòm 65% (Anglè, Matematik, Syans, Istwa ak Jewografi Jeneral, ak Istwa ak Gouvènman Etazini), pou yo resevwa yon diplòm Regents.

Tout timoun ki kòmanse lekòl segondè apre 2008 dwe pase omwen uit egzamen Regents (Anglè, twa Matematik Regents espesifik, yon Byoloji Regents, Syans Fizik Regents, Istwa ak Jewografi Jeneral, ak Istwa ak Gouvènman Etazini) ansanm avèk yon egzamen LOTE avèk yon minimòm 65% pou resevwa yon diplòm Regents Avanse. Sonje tou ke Diplòm Regents Avanse a mande twa ane etid lang etranje, donk, ou sipoze ankouraje pitit ou pou kòmanse etidye yon lang etranje pa pita pase 10yèm ane. Obligasyon sa yo varye pou elèv k ap konplete yon sekans yo apwouve nan Art oswa nan Edikasyon Teknik ak Karyè *Career and Technical Education* (CTE) epi yo depann sou ki ane elèv la te kòmanse 9yèm ane. Yo prepare tout elèv k ap patisipe nan pwogram CTE pou pran yon evalyasyon teknik pou fen pwogram lan kòm prèy yo konpetan nan pwogram CTE a. Anpil nan egzamen sa yo bay yon sètifika endistri a apwouve.

*Gen kèk kolèj ki ka pito nòt
SAT a pase nòt ACT. Anpil
aksepte toude. Pitit ou a
bezwen konnen kiyès ladan
yo pou li pran pou kolèj li
chwazi yo.*

Pou plis enfòmasyon sou kredi ak egzamen ki obligatwa pou gradyasyon, ladan sa ki pou elèv ki gen andikap ak elèv ki nan pwogram CTE, ale nan schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm. Nou priye w pou rankontre avèk konseye pedagogik pitit ou a pou pale sou obligasyon sa yo ak pou konnen ki lè yo planifye pou pitit ou pran egzamen Regents ak LOTE yo.

EGZAMEN POU ELÈV ANTRE NAN KOLÈJ

Egzamen admisyon kolèj

Sa yo se egzamen nasyonal estanda pitit ou ap bezwen pran pou yo ka konsidere l pou kolèj. Gen kèk kolèj ki ka pito nòt SAT pase nòt ACT. Anpil aksepte toude. Pitit ou a bezwen konnen kiyès ladan yo pou li pran pou kolèj li chwazi yo. Si kolèj yo ap aksepte toude, pitit ou a ta sipoze eseye echantiyon egzamen epi pran sa li santi li pi konfòtab ladan an. Gen echantiyon ki disponib nan www.collegeboard.org ak www.act.org.

- **PSAT – Preliminary Scholastic Assessment Test** – Yo bay egzamen sa a atravè College Board, egzamen sa a mezire konpetans lekti kritik, aptitud pou rezoud pwoblèm matematik ak konpetans nan redaksyon. Yo itilize l kòm yon endikatè pou wè kòman pitiou ap travay nan SAT, epi li bay yon opòtinite pou kolèj kontakte pitit ou a osijè bousdetid li ka jwenn. Elèv 10yèm ak elèv 11yèm ane kapab pran egzamen sa a; yo ka pran egzamen an de fwa, epi li gratis pandan jounen lekòl la pou elèv lekòl leta NYC. Men, se sèlman nòt pitit ou a fè nan 11yèm ane k ap kalifye l pou yo ba l konsiderasyon pou bousdetid National Merit and National Achievement Scholarship. Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa a ale nan www.collegeboard.com/student/testing/psat/about.html.
- **SAT I – Scholastic Assessment Test I Reasoning Test** – Yo bay egzamen sa a atravè College Board, se yon egzamen achwamiltip avèk yon redaksyon. Li fèt pou mezire konpetans lekti kritik, matematik ak aptitud pou ekri. Yo bay li jeneralman nan 11yèm ane oswa 12yèm ane, epi pi gwo nòt ou ka fè se 2400. Piske ou ka prann l plis pase yon fwa, li enpòtan pou pitit ou a konsidere pran l nan 11yèm ane. Jeneralman, kolèj ap konsidere pi gwo nòt pitit ou a fè a lè y ap pran desizyon yo. Si sa nesèsè, sonje pou fè pitit ou a mande konseye pedagogik lekòl la pou fè dispansè l frè a oswa pou akomodasyon, piske toude disponib. Pou plis enfòmasyon osijè egzamen sa a, ale nan sat.collegeboard.org/home.
- **SAT II Subject Tests – Scholastic Assessment Test II Subject Test** – Egzamen sa yo fèt pou mezire konesans nan yon sijè espesifik ak abilite pou aplike konesans sa yo. Egzamen SAT II yo obligatwa pou kolèj ki fè plis egzijans pou admisyon. Pitit ou ta sipoze pran egzamen sa yo imedyatman apre yo fini kou a nan lekòl

segondè. Mande pou fè dispansè l frè a oswa pou akomodasyon, si sa nesèsè. Pou plis enfòmasyon osijè egzamen sa yo, ale nan sat.collegeboard.org/home.

- **ACT – American College Testing Assessment** – Se American College Testing ki bay egzamen sa, se yon egzamen altènatif ou ka pran nan plas SAT I Reasoning Test la. Yo bay li avèk oswa sa ekri. Sijè yo se Angè, Matematik, Lektif, Syans, ak Redaksyon, epi nòt maksimòm lan se 36. Mande pou fè dispansè l frè a oswa pou akomodasyon, si sa nesèsè. Pou plis enfòmasyon osijè egzamen sa a, ale nan www.act.org.

Kolèj itilize nòt egzamen sa yo pou jije kijan pitit ou kapab pèfòme nan kolèj. Sepandan, dèke yo aksepte pitit ou a nan kolèj, li kapab gen pou pran egzamen admisyon kolèj tou.

Egzamen kou avanse nivo kolèj AP

Sa yo se egzamen yo bay nan fen kou AP yo. Kolèj ap chèche nòt 3, 4, oswa 5 kòm mezi pou wè si elèv prepare pou kolèj epi souvan yo bay elèv ki nòt 4 oswa 5 kredi kolèj. Kou AP nan yon relvenòt lekòl segondè montre ajan admisyon kolèj ke yon elèv te anmezi pou pran yon kourikoulòm ki difisil. Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa yo ale nan www.collegeboard.com/student/testing/ap/about.html.

Rete branche

Pou suiv pwogrè pitit ou, ou bezwen konnen kòman pitit ou travay nan egzamen yo, men ou bezwen konnen tou si li fè devwa mezon li ak si li fini pwojè pi long yo avèk satisfaksyon. Pitit ou a ap fè sa pou l fè si ou montre toutbon ou enterese. Ou sipoze kreye atant ak rekonpans pandan pitit ou ap pwogrese. Ou dwe abòde yon move pèfòmans tousuit, epi ou dwe fè yon efò reyèl pou pale avèk pwofesè, konseye pedagogik, asistan direktè, epi si sa nesèsè, avèk direktè a.

Pitit ou a ap fè sa pou l fè si ou montre toutbon ou enterese. Ou sipoze kreye atant ak rekonpans pandan pitit ou ap pwogrese.

Aprann kòman pou itilize Link ARIS pou Paran pou jwenn enfòmasyon pèsonalize ki ajou osijè pwogrè pitit ou a. (ale nan arisparentlink.org/parentlink). Li disponib nan 10 lang. Pou ale nan kont pitit ou a, w ap bezwen yon adrès imèl, nimewo ID (OSIS) pitit ou a ak yon mopas. Avan ou antre nan Link ARIS pou paran an pou premye fwa, kontakte koòdonatè paran nan lekòl pitit ou a pou l ba w yon mopas tanporè. Si w bezwen yon konpitè ki konekte sou entènèt, ou ka ale nan nenpòt Bibliyotèk leta Nouyòk.

Chèche konnen ki kou yo bay nan lekòl pitit ou a.

Konseye pedagogik la kapab fè w gen enfòmasyon sa a. Asire ke pitit ou pran kou ki bon pou li, si posib, fè pitit ou anrejistre pou plis klas k ap mande pou l travay di, ni nan lekòl presegondè, ni nan lekòl segondè.

Verifye kanè pitit ou chak peryòd evalyasyon. Asire ke dosye pèmanan pitit ou nan lekòl presegondè gen ladan enfòmasyon presi sou nòt ak prezans ak reta. Nan lekòl segondè, verifye relvenòt pitit ou nan kòmansman chak ane lekòl pou asire ke yo antre nòt ki kòrèk yo nan ni travay nan klas la, ni egzamen. Li enpòtan anpil lè pitit ou nan lekòl segondè pou verifye kantite kredi li pran chak semès pou li ka klè nan ki klas pitit ou a ye ak ki kantite tan li rete toujou pou l gradye. Pou kondisyon pou gradye, ale nan schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm.

Lè w rankontre avèk pwofesè pitit ou, li ta bon pou mande wè egzanp travay elèv pou ka konpare travay pitit ou avèk travay lòt elèv ki nan klas li. Si pitit ou se yon elèv lekòl presegondè, ou bezwen konnen kòman l ap pwogrese nan chak klas, si li li nan nivo klas l ap fè a, kòman yo bay nòt nan klas li a, ak ki kantite tan li sipoze pase ap fè devwa chak swa epi èske gen domèn kote li bezwen amelyorasyon. Pou elèv lekòl segondè, ou ka poze menm kesyon sa yo anplis si wi oswa non l ap pran kredi ak kòman l ap prepare pou egzamen Regents nan sijè a. Mande ki sèvis ak sipò li ka resewva nan domèn konsèy pou kolèj, preparasyon pou PSAT ak SAT, rechèch sou karyè. Ni pou lekòl presegondè, ni pou lekòl segondè, ou kapab mande egzèsis pou fè lakay ou avèk pitit ou pou ede l travay nan nivo klas la.

Ale nan seyon oryantasyon pou paran. Ale nan reyinyon PTA. Konsidere planifye randevou avèk pwofesè apa konferans paran pwofesè yo. Pran avantaj tout atelyetravay pou paran ke Depatman Edikasyon, Federasyon Pwofesè ak lekòl pitit ou a ap ofri. Ale sou sit wèb Depatman Edikasyon pou wè kalandriye ajou pwogram ak pou jwenn enfòmasyon sou nouvo opòtinite. schools.nyc.gov.

Chwa Lekòl Segondè

Kòm paran yon elèv 8yèm ane nan lekòl presegondè, ou pral gen pou antre nan pwosesis admisyon lekòl segondè a avèk pitit ou a. Pwosesis admisyon lekòl segondè mande pou elèv 8yèm ane drese yon lis pwogram nan lòt sa yo pi prefere. Y ap koresponn pitit ou avèk chwa li plase pi wo ki posib la, selon metòd admisyon, priorite pou admisyon, plas ki disponib ak nan ki pozisyon lekòl mete li, si sa aplikab. Piske gen yon pakèt pwogram lekòl segondè pou chwazi pami yo, noumenm kòm paran ki deja pase nan pwosesis sa a avèk pitit nou sigjere pou ta kòmanse chèche enfòmasyon sou lekòl segondè depi pitit ou nan klas 6yèm ane.

Li ta bon anpil pou etabli epi kenbe yon relasyon solid avèk konseye pedagogik lekòl presegondè a. Se atravè konseye a ke yo bay enfòmasyon sou admisyon yo. Pi enpòtan toujou, konseye pedagogik la dwe konnen pitit ou a pou li kapab ede oumenm ak pitit ou a fè bon chwa yo.

Biwo enskripsyon elèv gen sesyon enfòmasyon pandan tout ane a pou prezante bay elèv diferan tip pwogram lekòl segondè ak Lekòl Segondè Espesyalize. Li bon pou ale nan sesyon sa yo pandan tout peryòd pitit ou a nan lekòl presegondè pou ka pa kite tout bagay pou 8yèm ane.

Se d'ènye kanè klas 7yèm ane a lekòl segondè gade pou pwosesis admisyon lekòl segondè. Donk, li enpòtan pou pitit ou a bay pi bon ranman li, no sèlman pou chak kou, men tou nan egzamen leta 7yèm ane yo. Si pitit ou a travay nan tout potansyèl li, sa vle di yo ka konsidere l pou pi plis kantite pwogram yo.

*Se d'ènye kanè klas 7yèm ane
a lekòl segondè gade pou
pwosesis admisyon lekòl
segondè.*

Lè w ap konsidere tout varyete kantite lekòl ak pwogram, sonje pase avèk gwosè ak distans lekòl. Men kèk nan pakèt chwa ki disponib yo:

- Lekòl Segondè *Espesyalize Specialized High Schools* ki mande yon egzamen admisyon
- Lòt lekòl ak pwogram ki fè anpil egzijans sou plan akademik ki mande elèv pou satisfè divès kritè akademik
- Lekòl ak pwogram performing arts ki mande yon odisyon oswa yon prezantasyon pòtfolyo
- Pwogram karyè ak edikasyon teknik *Career and Technical Education* (CTE) ki melanje etid akademik avèk ladrès pou milye travay nan divès domèn karyè espesifik
- Lekòl ki mande pou vin nan yon sesyon enfòmasyon
- Charter school ki gen pwòp pwosesis aplikasyon ak kalandriye yo. (Al gade anyè Charter School la nan schools.nyc.gov/community/planning/charters/Directory.htm.)

Yo distribye Anyè lekòl segondè a ak Manyèl elèv pou lekòl segondè espesyalize yo bay tout elèv 7yèm ane rive fen ane lekòl la. Yo fè sa pou oumenm ak pitit ou a kapab gade enfòmasyon an pandan ete a, avan l kòmanse 8yèm ane.

Tout piblikasyon admisyon lekòl segondè, ladan anyè sou entènèt pou fè rechèch, disponib nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/Publications. Gen vèsyon piblikasyon nan divès lòt lang ki disponib tou sou paj sa a.

Pandan semès Otòn lan, gen divès fwa ou ta sipoze ale pou jwenn plis enfòmasyon osijè lekòl segondè. Lekòl segondè ki soti nan tout vil la ap reprezante nan fwa sa yo: Gen estaf, elèv, ak paran ki nan tab ekspozisyon yo epi yo disponib pou reponn kesyon.

Oumenm ak pitit ou sipoze kòmanse ale nan fwa sa yo lè pitit ou a nan 7yèm ane. Sa ap bay oumenm ak pitit ou a plis pase yon ane pou jwenn enfòmasyon osijè pwogram lekòl segondè. Pandan w ap vin abitye avèk enfòmasyon yo, w ap kapab travay avèk pitit ou a pou fikse objektif. Gen videyo atelyetrayay sou admisyon lekòl segondè pandan ete 2011 ki afiche nan sitwèb Depatman Edikasyon nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/videos.htm.

Anpil lekòl presegondè fè pwòp Sware Lekòl Segondè epi yo envite reprezantan Lekòl Segondè ki nan zòn lan. Si lekòl ou a òganize yon Sware Lekòl Segondè, ale epi pale avèk reprezantan yo pou jwenn enfòmasyon sou kisa chak lekòl ofri.

Anpil lekòl segondè ki ofri vizit. Tcheke Anyè Lekòl Segondè pou enfòmasyon sou vizit. Si l pa nan anyè a, itilize enfòmasyon pou kontakte lekòl la ki nan paj lekòl la pou kontakte lekòl la dirèkteman. Nan kèk ka, ou ka kòmanse vizit sa yo lè pitit ou a nan klas 7yèm ane. Si lekòl ofri w opsyon an, se yon bon ide pou eseye vizite pandan jounen lekòl la pou wè l k ap fonksyone. W ap kapab gen yon ide sou kòman lekòl la ye an reyalitye.

Distans pou pitit ou a vin nan klas 8yèm ane, oumenm ak pitit ou a ta sipoze pran tren oswa otobis pou ale nan lekòl ki parèt enteresan pou nou. Sa ap ede w konnen distans trajè a, ki se yo bagay k ap enpòtan pou lè w ap konsidere lekòl. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou trajè nan www.hopstop.com.

Ou kapab anrejistre pou yo voye nouvèl pa imèl pou ou sou admisyon lekòl segondè nan schools.nyc.gov/Subscribe.

Apa tout enfòmasyon ki disponib atravè Depatman Edikasyon, ou kapab jwenn lòt enfòmasyon nan insideschools.org, yon pwojè Center for New York City Affairs. Lòt paran elèv lekòl segondè kapab itil pou ou tou. Asosyasyon Paran nan lekòl presegondè w la kapab fè prezantasyon oswa bay enfòmasyon. Pale avèk paran kamarad klas pitit ou a kapab fasilite avanti soti lekòl presegondè pou ale nan lekòl segondè a.

LÒT OPSYON POU ELÈV KI DEJA NAN LEKÒL SEGONDÈ

Si pitit ou a gen pwoblèm nan lekòl segondè epi li pa reyalye ase kredi chak semès, li kapab rete dèyè epi pa pre pou gradye nan kat ane. Oumenm ak pitit ou a dwe chèche lòt opsyon pou gradye. Lekòl Transfè se ti lekòl segondè ki eseye konekte avèk elèv la nan yon fason pèsonèl epi yo ofri opòtinite karyè ak kolèj. Pwogram Learning to Work (LTW) ofri preparasyon pou djòb an pwofondè ak aktivite rechèch karyè nan lekòl transfè yo ak nan Sant Young Adult Borough Centers (YABCs) tou, ki gen pwogram akademik nan aswè pou elèv ki pi gran. Ou ka jwenn yon lis konplè lekòl transfè, YABC, ak pwogram GED nan anyè *Additional Ways to Graduate*. Ou ka download yon kopi nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/AlternativesHS/default.htm.

Oumenm ak pitit ou sipoze kòmanse ale nan fwa lekòl segondè lè pitit ou a nan 7yèm ane. Sa vle di oumenm ak pitit ou a ap gen dezan pou jwenn enfòmasyon osijè pwogram lekòl segondè.

RAPÒ RESPONSABLITE VIL NOUYÒK

Kòm paran k ap chèche lekòl ki pi bon an pou pitit ou, nou panse ou ta sipoze gen enfòmasyon sou Rapò Responsablite. Gen twa tip: Rapò Pwogrè a, Revizyon Kalite a, ak Sondaj Lekòl la.

- **Rapò Pwogrè** – Chak otòn, pifò lekòl resevwa yon rapò ak yon lèt alfabè (A, B,C,D oswa F) kòm nòt pou mezire siksè l nan fason li akselere aprantisaj elèv pandan ane lekòl avan an. Rapò sou pwogrè a mezire kontribisyon chak lekòl nan pwogrè akademik elèv, kèlkeswa kote chak elèv kòmanse pakou li pou rive prepare pou gradyasyon ak pou apre lekòl segondè.
- **Revizyon Kalite** – Pandan ane lekòl la, plizyè lekòl resevwa vizit edikatè ki gen eksperyans pandan 2 jou oswa 2 jou edmi, ki gen ladan l reyinyon ak responsab, pwofesè, elèv ak paran lekòl la ansanm ak vizit salklas. Yo pibliye rezilta vizit sa yo sou entènèt nan rapò detaye ki dekri kòman lekòl la òganize yon fason pou sipòte siksè elèv.
- **Sondaj Lekòl** – Chak ane, paran, pwofesè, ak elèv nan klas 6yèm rive 12yèm ane pran Sondaj Lekòl Vil Nouyòk. Kesyon sondaj la rasanble opinyon kominote a sou sa y ap atann sou plan akademik, kominikasyon, angajman ak sekirite ak respè. Lidè lekòl ka itilize rezilta sondaj la pou konprann fòs pwòp lekòl yo pi byen ak kote yo bezwen amelyorasyon.

Pwochen Limit Aprè Lekòl Segondè

Oumenm ak pitit ou dwe fè rechèch pou dekouvri ki opsyon ki pi bon. Travay avèk konseye pedagojik pitit ou a pou ede w wè nan ki direksyon pou ale.

Pitit ou a ap genyen yon pakèt opsyon lè li fin gradye lekòl segondè. Oumenm ak pitit ou dwe fè rechèch pou dekouvri ki opsyon ki pi bon. Travay avèk konseye pedagojik pitit ou a oswa estaf ki responsab pou gide pou kolèj ak karyè pou ede w jwenn direksyon kote oumenm ak pitit ou a ta renmen ale.

Pami opsyon yo gen inivèsite ak kolè katran. Inivèsite jeneralman se gwo lekòl ki gen yon pakèt varyete pwogram, enstalasyon pou fè rechèch, ak lekòl pou fè metriz. Kolèj Liberal arts jeneralman pi piti avèk mwens elèv nan salklas, epi ofri diplòm bakaloreya (bachelor's degrees). Kolèj kominote Community ak

junior college se enstitisyon dezan ki ofri diplòm asosye, ak kèkfwa sètifika nan sijè ki oryante pou karyè. Kèk elèv pran yon diplòm asosye epi yo transfere nan yon kolèj katran pou yo pran yon diplòm bakaloreya.

Pou jwenn yon kalandriye ak yon lis detaye ak plis konsèy, gade New York Urban League's "A Parent's Guide to College," ki disponib sou entènèt nan www.nyul.org/pages/Parent_Guide_Order_Form.

New Visions for Public Schools gen "The Road to College," ke ou ka jwenn nan <http://www.newvisions.org/the-road-to-college/overview> and the Department of Education's "Tools to Help Students Prepare for College," yon lòt bon resous disponib sou entènèt nanschools.nyc.gov/StudentSupport/GuidanceandCounseling/CollegeCareerSupport/default.htm.

Lekòl Teknik, Komès ak Biznis konsantre sou prepare elèv pou karyè espesifik, jeneralman nan dezan oswa mwens. Lekòl sa yo kapab ede pitit ou jwenn lisans, sètifika, ak sètifikasyon espesyal ak kèkfwa diplòm asosye oswa bakaloreya. Men kredi pwogram sa yo gen dwa pa ka transfere pou pwogram diplòm akademik.

Kolèj ak inivèsite leta gen sipò eta ak vil, epi frè lekòl pi ba jeneralman nan lekòl sa yo pase frè lekòl enstitisyon prive. Frè lekòl leta jeneralman pi ba pou moun ki abite nan eta a oswa vil la ke pou moun ki pa abite nan eta a oswa vil la.

The City University of New York (CUNY) se yon gwo rezo plis pase ven kolèj ak inivèsite leta. Pou plis enfòmasyon, ale nan www.cuny.edu.

The State University of New York (SUNY) se yon gwo rezo plis pase swasant campus kolèj ak inivèsite nan eta Nouyòk. Pou plis enfòmasyon, ale nan www.suny.edu.

Peye Kolèj

Frè eskolè lekòl prive apre segondè pi chè pase frè eskolè lekòl leta apre segondè, men lekòl prive kèkfwa gen plis abilite pou ofri èd finansye ak bousdetid pou elèv ki kalifye.

Mensi w ap konsidere yon enstitisyon prive oswa yon enstitisyon piblik, ou bezwen konnen konbyen kòb sa ap koute. Men ou pa sipoze kite preyokipasyon finansye anpeche w konsidere tout opsyon kolèj pou pitit ou. Avèk sipò èd finansye ak bousdetid, pi fò elèv kapab pèmèt yo ale nan kolèj. W ap jwenn pi ba a yon deskripsyon anbrèf kèk resous ki disponib.

- Èd finansye – Kantite èd finansye pitit ou a ap elijib pou yo depann pifò sou lajan ou antre, kantite moun w ap sipòte, ak si wi oswa non gen lòt moun nan kay la ki nan kolèj. Premye etap la se pou pitit ou a aplike pou kolèj. Pwochen etap la se pou oumenm ak pitit ou a aplike pou èd finansye lè w ranpli aplikasyon gratis pou èd federal pou elèv *Free Application for Federal Student Aid* (FAFSA).

Avèk sipò èd finansye ak bousdetid, pi fò elèv kapab pèmèt yo ale nan kolèj.

- FAFSA se sèl aplikasyon ki pi enpòtan pou èd finansye ki baze sou bezwen. Se yon fòm federal ki gade sou bezwen w epi deside sou elijiblite yon elèv pou l jwenn èd finansye kolèj la, eta a oswa federal, ladan don, prè pou edikasyon ak pwogram travay-etid. Ale nan www.fafsa.ed.gov. Anplis, anpil lekòl mande pwofil CSS/Finacial Aid la. Gade www.collegeboard.com/profile.

Li enpòtan anpil pou konnen diferan opsyon ki disponib pou ede w peye pou edikasyon kolèj pitit ou epi konprann ke dapre bezwen finansye w, ou kapab aplike nan divès sous diferan pou gen ase finans pou kolèj pitit ou.

PRÈ LOAN

Lè w prete lajan, sa rele yon prè epi, fòk ou remèt lajan an. Dapre sous la, chak prè gen kondisyon diferan.

Prè Gouvènman

Gen ni pwogram prè elèv eta, ni federal. Pwogram èd federal baze sou bezwen finansye epi se sèl pi gwo sous èd finansye pou kolèj. Prè gouvènman ofri pousantaj ak kondisyon ki pi rezonab. Jeneralman, prè gouvènman p ap peye pou tout kolèj ak depans ki gen pou wè avèk kolèj, donk fòk ou ajoute lòt sous sou prè sa yo. Men prè gouvènman federal ki pi komen yo: Federal Perkins Loan; Federal Subsidized Stafford Loan; Federal Unsubsidized Stafford Loan; and Federal PLUS Loan. Ale nan www2.ed.gov/finaid pou plis enfòmasyon

Prè Eta

Pi fò eta founi yon varyete èd asistans finansye pou ni dapre bezwen, ni dapre merit. Elijiblite pou pifò pwogram prè eta sa yo suiv règleman federal pou èd ki baze sou bezwen. Al gade www.hesc.org, oswa rele 1-888-NYS-HESC.

Prè Prive

Ou jwenn prè prive atravè enstitisyon prè prive tankou bank, epi yo ka sous ekselan pou kouvri fon ki manke pou depans kolèj; men pousantaj ak kondisyon pa atiran menm jan ak prè gouvènman. Kolèj ka ofri pwogram prè tou pou elèv k ap vini.

DON AK BOUSDETID

Don ak Bousdetid reprezante sipò finansye yo bay dapre merit oswa merit plis bezwen. *Ou pa gen pou remèt lajan.* Sous ki pi komen pou bousdetid ak don se lekòl, biznis, enstitisyon, asosyasyon, asosyasyon, gouvènman, ak endistri prive. Pi fò lekòl ofri yon sòt èd bousdetid, epi valè a ak elijiblite baze sou yon kantite faktè dapre chak kolèj, pami yo bezwen, merit akademik, branch akademik, enterè ak lòt kritè. Li enpòtan pou mande ki èd finansye ki disponib nan chak kolèj w ap aplike.

PWOGAM WORK-STUDY

Pwogram federal Work-Study a se yon pwogram gouvènman federal sibvansyone ki ofri elèv ki gen bezwen finansye djòb atanpasyèl sou campus la oswa djòb sèvis kominotè. Pi fò elèv travay 10-12 èdtan pa semèn epi yo peye yo omwen salè minimòm.

Yon Kalandriye: Enpòtans Planifikasyon

An jeneral, sonje ke Vil Nouyòk inik si tèlman elèv gen yon opòtinite pou fè sa ki enterese yo ak chwazi karyè yo, gen aksè nan sèvis ak pwogram, epi rankontre mentor andeyò lekòl la. Gen anpil opòtinite pou elèv sèvi kominote a. Si yon elèv byen ekilibre epi enterese nan plizyè bagay, sa ap bay aplikasyon apre lekòl segondè yo plis fòs epi sa ap ede siksè akademik. Ankouraje pitit ou pou itilize Vil la kòm yon resous ak pou chèche opòtinite, espesyalman nan peryòd ete.

Sonje tou, li nesèsè pou travay avèk lekòl pitit pou okouran dat enpòtan, pou respekte delè, ak pou suiv pwogrè pitit ou. Pwosis aplikasyon pou lekòl segondè ak pou kolèj genyen divès etap avèk delè espesifik. Li pi bon pou planifye davans ak pou òganize. Yon teknik ki itil anpil se pou gen yon bwat dokiman edikasyon “Hope Chest.” Nan kòmansman 6yèm ane, kreye yon bwat pou kenbe tou kanè, prim, sètifika ak lèt pitit ou. Bwat sa a ap kenbe ni oumenm, ni pitit ou a òganize rive nan gradyasyon lekòl segondè.

Finalman, atravè eksperyans nou, nou panse ke rekòmasyon nou souliye nan paj apre yo sipoze ede w nan wout ou soti klas 6yèm ane rive 12yèm ane.

*Vil Nouyòk inik paske
elèv gen si tèlman
opòtinite.*

REKÒMANDASYON

Klas 6yèm ane

- Kontinye oswa kòmanse bon pratik pou devwamezon ak pou etidye. Asire ke pitit ou a gen materyèl li bezwen pou fini fè devwa l.
- Asire ke pitit ou pran kou ki disponib ki mande pou l travay plis la.
- Antre nan Asosyasyon Paran an.
- Vizite sitwèb Depatman Edikasyon an <http://schools.nyc.gov> pou enfòmasyon detaye osijè atant ak kalandriye pou ane akademik la, epi ale nan Link ARIS pou paran k ap ba ou enfòmasyon enpòtan sou jan pitit ou ap travay.
- Rankontre avèk pwofesè pandan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Asire pou wè kanè pitit , jeneralman 4 oswa 6 pandan ane a.
- Rele koòdonatè paran ak /oswa pwofesè yo si w gen nenpòt kesyon.
- Chèche konnen konseye pedagogik pitit ou a.
- Pran enfòmasyon sou leson patikilye oswa lòt èd ki disponib si pitit ou a gen pwoblèm nan nenpòt matyè.
- Konnen ki lè y ap bay egzamen konpozisyon anglè *English Language Arts* (ELA) ak Matematik eta Nouyòk pandan tèm prentan an epi asire ke pitit ou a konprann enpòtans egzamen sa yo. Nòt elèv fè nan egzamen sa yo gen enpak sou chanje klas, lekòl pandan ete, ak jwenn plas nan kou pou ane apre a. Travay avèk lekòl pitit ou a pou jwenn mwayen espesifik k ap pèmèt pou ede pitit ou prepare pou egzamen sa yo.
- Itilize Vil la kòm yon zouti aprantisaj. Pandan wikenn ak konje, ale nan mize, enstitisyon kiltirèl, ak sit istorik, epi fè pitit ou fè suivi avèk rechèch.
- Vakans ete pa lè pou kanpe. Ale sou entènèt, gade pwogram ki ka enterese pitit ou a. Gen anpil pwogram gratis, epi gen anpil ki bay bous. Patisipasyon nan pwogram sa yo ede devlope profil pitit ou.
- Itilize vakans ete pou prepare pou egzamen leta 7yèm ane yo. Fè pitit ou devlope abitud pou li, epi aplike pou yon kat bibliyotèk nan branch bibliyotèk lokal ou a.

(Rès rekòmandasyon)

Klas 7yèm ane

- Chèche kontakte paran timoun ki yon tijan pi gran pase pitit piti ou pou eksperyans yo nan jwenn "pi bon" lekòl pou pitit yo.
- Rankontre avèk pwofesè pandan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Ale nan fwa lekòl segondè DOE òganize. Ap gen reprezantan lekòl segondè pou founi enfòmasyon pou paran ki enterese epi y ap reponn kesyon osijè kou yo ofri ak kondisyon elijiblite.
- Kenbe kontak avèk pwofesè ak lòt estaf nan lekòl presegondè yo.
- Si pitit ou a pa t fè bon nòt nan egzamen ELA oswa Matematik la, eseye ede l amelyore nòt li ane sa a. Mande ki leson patikilye k ap disponib nan lekòl la. Ale nan sitwèb DOE a pou jwenn Link. Y ap voye nòt ane sa a nan lekòl segondè ane pwochèn kòm yon pati pwosesis aplikasyon an.
- Rechèch pou karyè disponib atravè www.bls.gov/k12 ak www.careerexplorer.net. Anpil lekòl konsantre sou yon gwoup karyè. Ou sipoze konsidere nan kisa pitit ou a enterese lè w ap aplike.
- Itilize vakans ete kòm yon tan pou aprann. Tcheke opòtinite kan konpitè, pwogram syans, performing art, etc.
- Se responsablite lekòl presegondè a pou l asire ke yo antre tout nòt nan dosye pèmanan pitit ou a. Men, ou sipoze tcheke pou asire ke dosye akademik pitit ou a ajou.
- Lè sa posib, vizite lekòl segondè epi pran transpò piblik pou al nan lokal la. Sa ap ede w gen plis enfòmasyon osijè opsyon lekòl segondè ak trajè ansam avèk tan li ta pran pitit ou a pou ale lekòl chak jou.

(Rès rekòmandasyon)

Klas 8yèm ane

- Pote anpil atansyon pou tout delè ki nesèsè pou pwosesis admisyon nan lekòl segondè. Itilize anyè lekòl segondè a, ale nan atelyetravay, ak tcheke avèk konseye pedagogik lekòl ou a osijè delè sa yo.
- An septanm, anrejistre pou egzamen admisyon lekòl espesyalize yo *Specialized High Schools Admissions Test* (SHSAT). Aplikasyon yon disponib nan lekòl pitit ou a, jeneralman se yon konseye pedagogik ki bay yo.
- Soti septanm rive novanm, ale nan fwa lekòl segondè yo, mete randevou pou vizite lekòl segondè endividyè, epi tcheke anyè lekòl segondè a pou pwogram ki gen egzajans pou admisyon (entèvyou, pòtfolyo, sesyon enfòmasyon, odisyon, egzamen) pou kapab byen planifye.
- Ale nan atelyetravay admisyon lekòl segondè, open house, ak sesyon enfòmasyon.
- Rive desanm, konplete aplikasyon lekòl segondè a. Travay avèk pitit ou epi chwazi pwogram ki ale pi byen avèk nivo konesans ak enterè pitit ou epi ki nan distans rezonab avèk lakay ou. Sonje ou kapab mete jiska 12 chwa nan lis aplikasyon lekòl segondè a.
- Si w enterese nan charter high school, gade anyè charter school la oswa tcheke avèk chak lekòl pou delè pou aplikasyon an.
- Rankontre avèk pwofesè pandan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Itilize Link ARIS pou paran pou kontinye kontwole pwogrè pitit ou.
- Nan prentan, egzamen eta Nouyòk yo ap gen ELA, Matematik, ak Syans. Yo ka itilize nòt egzamen sa yo pou chwazi ki kou pou mete elèv nan 9yèm ane.
- Elèv k ap pran kou lekòl segondè nan klas 8yèm ane dwe pran egzamen Regents yo an jen pou yo kapab gen kredi lekòl segondè.

(Rès rekòmandasyon)

Klas 9yèm ane

- Antre nan asosyasyon paran an epi ale nan reyinyon yo.
- Ankouraje pitit ou a pou antre nan omwen yon club oswa aktivite elèv.
- Òganize yon katab pou konsève kanè chak tèm ak relvenòt ou sepoze resevwa chak ane.
- Rankontre avèk pwofesè nan koferans otòn ak prentan yo. Koòdonatè paran kapab di w si pwofesè yo afiche enfòmasyon sou entènèt. Mete randevou pou rankontre avèk pwofesè, konseye pedagojik ak/oswa asistan direktè. Y ap dispoze rezève tan pou ou.
- Konsantre ni sou devwamezon ni sou travay nan klas la. Lekòl segondè ap pi difisil pase lekòl presegondè, epi l ap vin pi difisil chak ane.
- Sonje ke kolèj ap konsidere tout nòt kòmanse nan 9yèm ane lè y ap evalye aplikasyon pitit ou.
- Fè pitit ou a vize GPA pi wo ki posib la pou ogmante opsyon li pou kolèj.
- Kontinye kade karyè avèk Occupational Outlook Handbook nan www.bls.gov/oco ak Princeton Review nan www.princetonreview.com.
- Sigjere pou pitit ou a vizite Biwo Kolèj nan lekòl segondè l la, oswa konekte avèk moun nan lekòl la ki anchaj konsèy pou kolèj pou kòmanse rasanble enfòmasyon. Pale sou opsyon kolèj epi kreye yon atant admisyon kolèj dèke pitit ou gradye. Pale sou avantaj ale nan kolèj genyen.
- Drese yon lis twa kolèj ke pitit ou a enterese ladan yo. Ladan kondisyon GPA ak SAT.
- Ankouraje pitit ou a pou pousuiv yon pwogram akademik ki fò, ladan etid lang etranjè kòmanse nan 10yèm ane pou pi ta (kòm diplòm Regents Avanse egzije 3 ane etid lang etranje).
- Vakans ete se lè pou aprann. Pitit ou sipoze konsidere pran kou avanse oswa anrejistre pou estaj (peye ou pa). Elèv ki pa pase yon kou sipoze reprenan l pi vit posib pou yo ka rete sou bon wout epi pou yo gradye alè, pou yo ka gen plis opsyon pou kolèj/karyè.
- Revize avèk pitit ou kondisyon li dwe ranpli pou li gradye, pami yo kou ak egzamen ki obligatwa. Enfòmasyon disponib nan sitwèb DOE a oswa atravè konseye pedagojik la. Fè ansòt pou konprann obligasyon gradyasyon ak obligasyon pou pare pou kolèj.
- Elèv edikasyon jeneral ap bezwen omwen uit kredi pou monte nan 8yèm ane; yo rekòmande anpil pou elèv fini 11 kredi.
- Tcheke gid paran sa a pou enfòmasyon sou gradyasyon: schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm.
- Konsidere vizite omwen yon kolèj chak ane ou nan lekòl segondè.
- Kontinye ankouraje pitit ou pou l li candeyò lekòl la.
- Fè pitit ou kreye yon adrès iamèl apwopriye pou l itilize pou kominikasyon avèk kolèj ak inivèsite, djòb ete si posib, an estaj. Nou rekòmande yon imèl tousenp (nonw@gmail/yahoo, etc.). Se nan

imèl y ap voye pi fò enfòmasyon sou kondisyon aplikasyon.

- Fè pitit ou a sonje ke ajan admisyon kolèj ak moun ki ka anplwaye l gen aksè nan sa ki afiche nan Facebook oswa lòt rezo sosyal yo. Pitit ou a dwe reflechi byen avan li afiche yon bagay.
- Sere yon ti kòb pou egzamen sijè SAT II.
- Mande si pitit ou gen opsyon kou AP. Pale avèk yon pwofesè, yon konseye pedagogik oswa yon asistan direktè.

Klas 10yèm ane

- Revize relvenòt pitit ou nan kòmansman ane lekòl la pou kapab asire ke yo anrejistre tout kou ak nòt egzamen li pran nan dosye li avèk presizyon. Pitit ou a bezwen 8-12 kredi pou yo konsidere l kòm elèv 10yèm ane.
- Si pitit ou a pa gen ase kredi, pale avèk yon konseye pedagogik nan lekòl la.
- Mete lis kolèj ke oumenm ak pitit ou a te monte ansanm nan 9yèm ane ajou. Tcheke kondisyon; pa egzanp, kèk kolèj oblije egzamen SAT II.
- Egzamen PSAT ki fèt ann oktòb la gratis pou tout elèv Vil Nouyòk. Li ta bon anpil pou elèv pran li. Rezilta a ap montre ki matyè ki bezwen amelyorasyon nan preparasyon pou SAT oswa ACT. Lè yon elèv pran PSAT a nan 11yèm ane, li ka kalifye pou yon bous merit, dapre nòt li fè. Se pou sa li enpòtan pou pitit ou a pran egzamen an nan 10yèm ane pou l kapab abitye avèk egzamen an.
- Rankontre avèk pwofesè pandan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Fè pitit ou a vize GPA pi wo ki posib la pou ogmante opsyon li pou kolèj.
- Fè pitit ou a anrejistre pou yon kont gratis nan www.collegeboard.org.
- Kòmanse ale nan fwa kolèj.
- Ankouraje pitit ou a pou pran kou ki pi di posib la. Se pa tout kou ki disponib pou tout elèv, men chak elèv sipoze montre volonte pou travay di.
- Mande si pitit ou gen opsyon kou avanse nivo kolèj AP. Pale avèk yon pwofesè, yon konseye pedagogik oswa yon asistan direktè.
- Pale sou posiblite pou pitit ou pran egzamen SAT II si li bon anpil nan yon sijè an patikilye.
- W ap bezwen pou anrejistre ak pou peye pou egzamen sa a.
- Chèche pran enfòmasyon ak anrejistre pou College Now, oswa lòt kou nivo kolèj nan lekòl ou a.
- Vakans ete se lè pou aprann. Ankouraje pitit ou a pou fè sèvis kominotè oswa travay volontè pandan ete a. Anpil kolèj Vil la ofri College Now, ak enstiti ete tou pou elèv lekòl presegondè. Si w enterese nan yon kolèj an patikilye, kontakte lekòl sa a pou pwogram ete ki ka posib. Etidye pou PSAT/SAT se yon bon ide tout pou ete; li ta bon pou pran ransèyman osijè pwogram preparasyon nan lekòl pitit ou a.

(Rès rekòmandasyon)

Klas 11yèm ane

- Revize relvenòt pitit ou nan kòmansman ane lekòl la pou kapab asire ke yo anrejistre tout kou ak nòt egzamen li pran nan dosye li avèk presizyon. Pitit ou a ta sipoze genyen 20-22 kredi avèk kat pou anglè ak kat pou kou syans sosyal obligatwa pou yo ka konsidere l kòm elèv 11yèm ane. Si pitit ou a pa gen ase kredi, pale avèk yon konseye pedagogik nan lekòl la.
- LI ENPÒTAN ANPIL ANPIL POU PITIT OU RESPEKTE TOUT DELÈ YO. SI W PÈDI DELÈ A, OU PÈDI OPSYON AN TOU.
- Asire ke pitit ou pran egzamen PSAT an otòn. Se egzamen ki kalifye pou bousdetid National Merit and Achievement.
- Kontakte Biwo Konsèy la pou orè egzamen SAT ak ACT yo. Fè aranjman pou pitit ou pran egzamen li bezwen yo an me oswa jen.
- Konsidere pwogram preparasyon ki disponib, chwazi sa ki ale avèk orè ak finans fanmi w. Kèkfwa, lekòl ofri pwòp kou preparasyon yo. Tcheke avèk lekòl ou.
- Ranpli fòm manje midi yo; sa ka ede w jwenn egzansyon pou frè egzamen SAT ak ACT yo.
- Rankontre avèk pwofesè pandan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Ale nan fwa kolèj, vizite kolèj, epi fè ansòt pou konprann kritè admisyon yo, lajan sa ap koute, ak pwosesis aplikasyon yo.
- Kontinye ankouraje aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la pou pitit ou ni nan lekòl la ni andeyò lekòl la. Aktivite ki pa nan kourikoulòm obligatwa a se yon avantaj lè w aplike pou djòb ak pou edikasyon apre lekòl segondè.
- Fè pitit ou a planifye pou pran egzamen SAT II yo si kolèj ki enterese l yo mande yo.
- Vizite campus kolèj ki enterese w yo. Anpil kolèj gen tou sou entènèt sou sitwèb, donk pran avantaj sa a nan ka ou pa kapab ale nan lekòl yo an pèsòn.
- Ale nan tout prezantasyon kolèj yo fè nan lekòl ou a; kèk lekòl gen orè espesifik chak de mwa pou elèv pa rete dèyè nan rechèch y ap fè pou kolèj. Ou sipoze mande biwo konsèy la yon kopi kalandriye sa a; epi afiche l nan yon plas kote oumenm ak pitit ou a ka suiv li.
- Ankouraje pitit ou a pou pran kou ki pi di posib la. Se pa tout kou ki disponib pou tout elèv, men chak elèv sipoze montre volonte pou travay di.
- Fè pitit ou a vize GPA pi wo ki posib la pou ogmante opsyon li pou kolèj.
- Ede pitit ou a chwazi yon aktivite ete ki pral ede l devlope aptitud li, amelyore pèfòmans akademik li, epi klarifye objektif li pou karyè.
- Itilize ete a pou vizite plis campus ki enterese w epi ankouraje pitit ou pou chèche yon djòb, estaj oswa pwogram preparasyon SAT oswa kolèj.
- Chèche pran enfòmasyon ak anrejistre pou kou AP, College Now, oswa lòt kou nivo kolèj nan lekòl ou a.

- Fè FAFSA 4Caster a, epi fè pitit ou rankontre avèk yon konseye pou wè si li elijib pou New York State's Higher Education Opportunity Program (HEOP). Pou plis enfòmasyon, al gade www.highered.nysed.gov/kiap/colldev/HEOP/documents/HEOPWebBrochure2011-12.pdf.
- Fè pitit ou a fè yon premye lis kolèj, avèk twa lekòl nan chak kategori: Lekòl li ka ale, lekòl li vize, lekòl li vle atenn.
- Fè pitit ou ekri premye bouyon redaksyon li pral itilize pou aplikasyon ak bousdetid.
- Si w pa elijib pou egzansyon, kòmanse ekonomize pou frè aplikasyon, ladan frè pou CUNY kote gen anpil egzansyon ki disponib kounye a.

Klas 12yèm ane

- Revize relvenòt pitit ou nan kòmansman ane lekòl la pou kapab asire ke yo anrejistre tout kou ak nòt egzamen li pran nan dosye li avèk presizyon. Pitit ou a bezwen 30 kredi pou pi piti pou yo konsidere l kòm elèv 12yèm ane.
- Kenbe kontak regilye avèk konseye ak pwofesè pitit ou pou asire li te pran kou ak egzamen li bezwen pou gradye alè.
- Rankontre avèk pwofesè nan peryòd koferans otòn ak prentan yo.
- Asire pitit ou a gen yon nimewo sekirite sosyal ke yo pral bezwen nan aplikasyon yo.
- Ede pitit ou a fè yon otobyografi, ke biwo admisyon kolèj mande souvan. Ankouraje efò nan redaksyon ki fè pati aplikasyon kolèj. REZISTE TANTASYON pou ekri pou pitit ou. Travay y ap resevwa a dwe gen siy ke se yon adolesan ki ekri li.
- Aplike pou bousdetid. Sa vle fè konnen ki sa pwosede ak konbyen lajan w ap fè. Kenbe kopi dosye taks, fòm W-2. etc.
- Fè pitit ou a planifye pou pran egzamen SAT II yo si kolèj ki enterese l yo mande yo.
- Asire ke pitit ou a fè rechèch sou pwosesis aplikasyon an ak sou delè pou lekòl li enterese le yo.
- Gade tout lèt ke kolèj voye pou pitit ou a. Travay avèk yon konseye pou evalye pake èd finansye yo epi chwazi nan ki lekòl pou l enskri.
- Asire ke pitit ou a voye tout papyè dokiman obligatwa yo ak tout avalwa ki obligatwa. Kolèj p ap kenbe plas pou ou si w pa voye tout dokiman w ak avalwa a.
- Asire ke pitit ou a ale nan tout oryantasyon kolèj ak sesyon egzamen evalyasyon yo.
- Siveye pou siy leseale "Senioritis." Anpil fwa, konn vin gen yon peryòd leseale apre pwosesis egzijan aplikasyon kolèj la. Mande pitit ou pou devwamezon ak travay klas la. Tcheke prezans. (Chak lekòl gen yon biwo prezans ki ka di w absans ofisyèl, ansanm avèk absans nan kou.) Kontinye suiv pitit ou atravè semès prentan an. Si pitit ou a pa pase nenpòt sijè, li p ap gradye alè. Li posib tou pou kolèj chanje desizyon sou admisyon oswa bousdetid si dènye nòt pitit ou yo pa nan menm nivo avèk sèt tèm avan yo.

(Rès rekòmandasyon)

Rès Klas 12yèm ane

- ☐ Suiv etap sa yo pou mwa oktòb, novanm, desanm, janvye, avril ak me:
 - Oktòb – Asire pitit ou soumèt aplikasyon CUNY an. Asire ke pitit ou mande moun pou ekri lèt rekòmandasyon. Li ta sipoze konsidere pwofesè, konseye, ak moun ki konnen travay li, travay volontè oswa aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la.
 - Novanm – Asire pitit ou soumèt aplikasyon SUNY an, ladan nòt SAT yo.
 - Desanm – Asire pitit ou soumèt aplikasyon lekòl prive yo, ladan aplikasyon anplis ak nòt SAT yo.
 - Fè pitit ou pran SAT ak/oswa ACT avan desanm. Si li pa fè bon nòt, gen yon lòt egzamen ki ka posib avan delè pou anpil kolèj.
 - Ranpli FAFSA avan 1ye fevriye.
 - Janvye – Asire ke ou soumèt fòm ak redaksyon yo si pitit ou elijib pou HEOP.
 - Avril – Oumenm ak pitit ou ap gade lèt desizyon yo. Travay avèk travay avèk konseye pou kolèj pou deside ki lekòl pitit ou a prale. Sonje ke se yon desizyon oumenm ak pitit ou a ap fè ansanm.
 - Me – Soumèt fòm anrejistreman ou ranpli yo bay lekòl ou chwazi a. Ranpli fòm pou lojman an (si w bezwen) ak fòm medikal yo, epi fè yon depo lajan.

Resous sou entènèt

ENFÒMASYON SOU EDIKASYON JENERAL

NYC Department of Education	schools.nyc.gov
NYS Department of Education	www.nysed.gov
U.S. Department of Education	www.ed.gov
NYC Children's Services Education Resources	www.nyc.gov/html/acs/education

ÈD POU FÈ DEWAMEZON

U.S. Department of Education	www2.ed.gov/parents/academic/help/hyc.html
Discovery Education	school.discoveryeducation.com/homeworkhelp
Infoplease Homework	www.infoplease.com/homework
New York Public Library	www.homeworknyc.org
NYC Dial-a-Teacher	www.uft.org/dial-a-teacher

PREPARASYON EGZAMEN

Regents Review 2.0	www.regentsreviewlive.net
Home Instruction – Middle School Tests	www.homeinstructionschools.com/shack/3-8examreview
Home Instruction – Regents Exam Review	www.homeinstructionschools.com/regents
Regents Exam Prep Center	www.regentsprep.org
NYS Department of Education	www.nysedregents.org
College Board (PSAT, SAT, AP)	www.collegeboard.org
ACT	www.act.com
Number 2.com	www.number2.com

(Rès Resous sou entènèt)

ENFÒMASYON SOU KARYÈ

Occupational Outlook Handbook	www.bls.gov/oco
Mapping Your Future	www.mappingyourfuture.org
U.S. Bureau of Labor Statistics	www.bls.gov/k12
Career Explorer	www.careerexplorer.net
Careers and Colleges	www.careersandcolleges.com
College Board	myroad.collegeboard.com/myroad/snavigator.jsp
Princeton Review	www.princetonreview

RECHÈCH KOLÈJ, APLIKASYON, AK ENFÒMASYON POU ÈD FINANSYE

The National Application Center	www.nationalappcenter.com
New Visions for Public Schools, The Road to College	www.newvisions.org/the-road-to-college/overview
NYC Dept. of Education, Tools to Help Students Prepare for College	docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-331/College%20Guide%2007_01_08
National Association for College Admission Counseling	www.nacacnet.org
All About College	www.allaboutcollege.com
Campus Tours	www.campustours.com
Common Application	www.commonapp.org
City University of New York (CUNY)	www.cuny.edu
State University of New York (SUNY)	www.suny.edu
New York Learns (State Education Dept.)	www.highered.nysed.gov/NYLearns/home.html
Education Planner	www.educationplanner.org
My Essay	www.myessay.com
College Toolkit	www.collegetoolkit.com

(Rès resous sou entènèt)

ÈD FINANSYE AK BOUSDETID

FastWeb Scholarship Search	www.fastweb.com/
FAFSA	www.fafsa.ed.gov
Federal Student Aid	www.studentaid.ed.gov
NYS Higher Education Services	www.hesc.com
U.S. Department of Education	www2.ed.gov/finaid
Scholarships.com	www.scholarships.com
For Undocumented Students	www.finaid.org/otheraid/undocumented.phtml <i>and</i> www.getreadyforcollege.org/gpg.cfm?pageid=1586&1534-d83a_1933715a=d87c2125f86

RESOUS MILTIKILTIRÈL

First in the Family	www.firstinthefamily.org
Gates Millennium Scholars Fund	www.gmsp.org
Hispanic Association of Colleges ;and Universities	www.hacu.net
Hispanic Heritage Scholarship List	www.hispanicheritage.org/youth.php
Hispanic Scholarship Fund	www.latinocollegedollars.org/directory.htm
NAACP Scholarship Opportunities	www.naacp.org/page/s/scholarship2
National Urban League Parent’s Guide to College	www.nyul.org/pages/Parent_Guide_Order_Form
United Negro College Fund	www.uncf.org
Historical Black Colleges & Universities	www.hbcuconnect.com
200 Free Scholarships for Minorities	www.blackexcel.org/200-Scholarships.html
Black College Dollars	www.blackcollegedollars.org
Scholarship List by Categories	www.scholarships.fatomei.com/minorities.html
Scholarships and More for Black Students	www.blackstudents.com

Kalandriye a nan yon koudèy

NIVO KLAS	Septanm/Oktòb	Novanm/Desanm	Janvyè/Fevriye	Mas/ Avril	Me/Jen
Tout distri	Ale nan schools.nyc.gov kazyè paran pou enfòmasyon sou dat. Kenbe yon kopi nimewo ID OSIS pitit ou pou konfime idantite w lè w rele lekòl la pou enfòmasyon. Ranpli fòm pou manje midi. Suiv prezans, devwamezon, ak travay klas chak jou.	Ale nan konferans paran pwofesè pou otòn lan. Suiv prezans, devwamezon, ak travay klas chak jou.	Kanè mitan ane a. Rele pou randevou avèk pwofesè si w bezwen. Tcheke pwogrè elèv la nan ARIS (sistè done DOE ki gen done akademik ak prezans) ak/oswa sitwèb lekòl oswa pwofesè. Suiv prezans, devwamezon, ak travay klas chak jou.	Ale nan konferans paran pwofesè pou prentan yo. Suiv prezans, devwamezon, ak travay klas chak jou.	Kontakte koòdonatè paran an pou pwogram pandan ete a. Egzamen ki obligatwa. Dènye kanè. Suiv prezans, devwamezon, ak travay klas chak jou.
6yèm ane	Òganize yon plas pou elèv la etidye lakay la. Pran enfòmasyon epi antre nan Asosyasyon Paran an. Ede timoun lan adapte l nan nouvo lekòl la.	Fè kopi nimewo ID OSIS timoun lan. Yo itilize l souvan pou sekirite lè w rele lekòl la pou enfòmasyon.	Kanè mitan ane a. Ale nan ARIS atravè sitwèb DOE. Suiv pwogrè ak prezans pitit ou.	Pran enfòmasyon sou pwogram ete. Revize kou timoun lan pou ane pwochèn. Prepare pou egzamen leta.	Anrejistre pou pwogram ete. Jwenn yon lis lekti nan men pwofesè ELA a. Fè yon dosye pou kenbe kanè chak tèm. Egzamen ELA ak Matematik NYS
7yèm ane	Kòmanse ale nan fwa lekòl segondè Borough yo ak Vil la.	Rele lekòl segondè pou aranje vizit. Vizite lekòl ki entere se w.	Rankontre avèk lòt paran pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon lekòl segondè. Kanè mitan ane a.	Pran enfòmasyon sou pwogram ete. Revize kou timoun lan pou ane pwochèn.	Egzamen ELA ak Matematik NYS
8yèm ane	Itilize Anyè Lekòl Segondè a pou tcheke pou open house, vizit, odisyon etc. Anrejistre pou egzamen lekòl espesyalize yo. Patisipe nan fwa ak <i>Open house</i> .	Ranpli Aplikasyon pou lekòl segondè. Rankontre avèk konseye pedagogik la pou plis enfòmasyon.	Kanè mitan ane a. Tcheke pwogrè elèv la nan ARIS. Tou prensipal avi DOE osijè matche elèv avèk lekòl segondè.	DOE voye avi anplis sou matche elèv avèk lekòl segondè.	Egzamen ELA, Matematik ak Syans NYS. Regents pou kou avanse. Ale nan oryantasyon nouvo lekòl la si genyen.
9yèm ane	Ranpli nouvo fòm pou manje midi. Antre nan Asosyasyon Paran an. Kontinye suiv prezans ak travay elèv la chak jou. Ale nan konferans paran pwofesè pou otòn lan.	Itilize sitwèb lekòl la, manyèl oswa reyinyon, jwenn enfòmasyon sou règ jeneral lekòl, pwosedi ak orè osijè kanè, egzamen, orè klas, etc.	Kanè dènye tèm lan montre nòt final yo. Elèv kòmanse gen kredi pou gradyasyon. Rele pou planifye randevou pou rankontre pwofesè si l nesèsè apre kanè dènye tèm lan.	Chèche konnen si gen pwogram ete. Revize seleksyon kou yo pou ane pwochèn. Kontakte konseye pedagogik la osijè kou AP oswa kou avanse si posib. Ale nan konferans paran pwofesè pou prentan yo.	Egzamen Regents posib nan Matematik ak Syans.
10yèm ane	Revize relvenòt pou nòt, sekans kou, ak kredi elèv la deja genyen. Egzamen PSAT. Ale nan konferans paran pwofesè pou otòn lan.	Kòmanse ale nan fwa kolèj lekòl segondè oswa kolèj òganize. Rele pou randevou pou pale avèk pwofesè apre 2yèm kanè si l nesèsè.	Kanè dènye tèm. Rele pou randevou avèk pwofesè si l nesèsè. Tcheke pwogrè elèv la nan ARIS.	Chèche konnen si gen pwogram ete. Revize seleksyon kou yo pou ane pwochèn. Ale nan konferans paran pwofesè pou prentan yo.	Egzamen Regents NYS nan Matematik, Syans, Istwa jeneral. SAT II si yo rekòmande l Egzamen AP pou elèv ki nan kou avanse nivo kolèj.
11yèm ane	Revize rekvenòt elèv menmjan ak pi wo a Egzamen PSAT. Kòmanse vizite kolèj. Ale nan konferans paran pwofesè pou otòn lan.	Ale nan fwa kolèj. Vizite kolèj ki entere se w. Pale avèk Biwo Kolèj pou ede w nan rechèch.	Kanè dènye tèm. Rele pou randevou avèk pwofesè si l nesèsè. Sere fòm Taks Form 1040 pou aplikasyon èd finansye pou 12yèm ane.	Chèche konnen si gen pwogram ete. Revize seleksyon kou yo pou ane pwochèn. Elèv pran SAT/ACT. Pale avèk biwo kolèj pou èd nan chèche kolèj ak pou opòtinite èd finansye.	Egzamen Regents NYS nan Matematik, Syans, Anglè, Istwa Etazini. Ekzamen AP si elèv la ap pran kou AP.
12yèm ane	Revize relvednòt pitit ou. Elèv dwe ekri otobyografi ak redaksyon pou kolèj aplikasyon. Ale nan konferans paran pwofesè pou otòn lan.	Egzamen SAT I ak II/ACT. Fini aplikasyon kolèj. Vizite kolèj.	Kanè dènye tèm. Tcheke pwogrè elèv la anvè gradyasyon nan ARIS. Aplike pou bousdetid, ranpli FAFSA pou èd finansye ki posib.	Suiv prezans, egzamen, ak devwamezon byen prè. Lè kolèj voye lèt ki di yo aksepte w sa pa ba w garanti w ap gradye.	Egzamen AP. Egzamen Regents final pou gradyasyon oswa sètifika Regents Avanse.

